



Ou kapab chanje adrès ou sou entènèt sou sit sa a: dmv.ny.gov.

Lalwa Eta New York (NYS) egzije pou fè DMV konnen nan 10 jou, nenpòt chanjman ou fè nan adrès PÈMANAN ou si ou gen yon lisans chofè Eta New York, yon pèmi apranti oswa yon kat idantite ki pa lisans chofè, oswa yon anrejistreman Eta New York pou yon veyikil, yon bato oswa yon motonèj. PA deklare okenn chanjman adrès ki pwovizwa.

Ou ka chanje adrès ou pandan pwosesis renouvèlman dokiman an. Make adrès la sou avi rapèl papye ou a, oswa mete ajou adrès ou sou kont MyDMV ou a. Pou jwenn enfòmasyon sou fason pou chanje adrès ou sou entènèt, al gade nan dmv.ny.gov/address-change.

Ou pa bezwen genyen yon nouvo lisans, pèmi, kat idantite ki pa lisans chofè, oswa dokiman anrejistreman, men ou gen opsyon, ou gen posibilite pou jwenn yon nouvo dokiman.

Si ou vle yon nouvo dokiman:

- 1. Ranpli Pati 1 ak Pati 2 nan paj 2 fòm sa a.
2. Siyen non ou nan seksyon "Sètifikasyon".
3. Ekri yon chèk oswa yon manda postal (money order) sou non "Commissioner of Motor Vehicles" ("Manm Komisyon Veyikil a Motè") pou frè total la.
4. Voye fòm lan ki ranpli a ak pèman an nan: NYS DMV License Production Bureau PO Box 2895 Albany, NY 12220-0895
5. Kenbe dokiman aktyèl ou (yo) jouk lè ou resevwa nouvo dokiman ou (yo) nan kourye lapòs nan 4 a 6 semèn. Si ou mande pou yon nouvo lisans amelyore oswa yon lisans idantite reyèl, pèmi, oswa kat idantite, adrès kote ou rete a ap ekri sou dokiman ou yo epi y ap voye yo pou ou nan kourye lapòs nan adrès postal ou a. Si ou mande yon lisans, yon pèmi, oswa kat idantite, adrès postal ou a ap parèt sou dokiman ou an.

Si ou PA vle yon nouvo dokiman:

- 1. Ranpli Pati 1 men pa ranpli Pati 2 a. DMV pral mete ajou dosye DMV ou (yo) gratis.
2. Mete ajou adrès ou sou lisans Eta New York ou a, pèmi oswa kat idantite ki pa lisans chofè, ak sou dokiman anrejistreman Eta New York ou yo. Pou mete adrès ou ajou, ekri nouvo adrès ou a dirèkteman sou do dokiman an ak lank pèmanan nan kaz "Antre Chanjman adrès la" ("Enter Address Change").

Si ou chanje adrès ou epi ou pa peye amand yo pou vyolasyon kòd wout la nan Vil New York, ou dwe rele Biwo Vyolasyon Sikilasyon a (Traffic Violations Bureau) nan (718) 488-5710. Prepare w pou bay nouvo adrès ou a ak peye amand ou yo. Al gade nan dmv.ny.gov/tvboffice.htm pou jwenn plis enfòmasyon.

ENFÒMASYON SOU APLIKASYON POU ENSKRIPSYON VOTÈ NAN ETA NEW YORK

(Tanpri li anvan ou ranpli aplikasyon pou Enskripsyon Votè Eta New York nan Paj 2.)

Itilize Aplikasyon pou Enskripsyon Votè Eta New York pou Enskri pou Vote nan Eleksyon Eta New York, epi/oswa:

Pou Enskri Ou Dwe:

OFFICE USE ONLY

- chanje non oswa adrès ki nan enskripsyon votè ou
• vin yon manm nan yon pati politik
• kite pati politik ou pou vin manm nan yon lòt
• enskri davans pou vote si ou gen 16 oswa 17 tan

- se yon sitwayen ameriken
• gen 18 tan (ou ka enskri davans nan 16 oswa 17 tan men ou p ap ka vote jiskaske ou gen 18 tan)
• pa nan prizon oswa ou dwe an libète sou kondisyon pou kondanasyon pou yon krim (amwenske yo te padone ou oswa retabli dwa sitwayènte ou)
• pa reklame dwa pou vote lòt kote
• yon tribinal twouve ou pa konpetan

Información en español: si le interesa obtener este formulario en español, llame al 1-800-367-8683

中文資料: 若您有興趣索取中文資料表格, 請電: 1-800-367-8683

한국어: 한국어 양식을 원하시면 1-800-367-8683 으로 전화 하십시오.

যদি আপনি এই ফর্মটি বাংলাতে পেতে চান তাহলে 1-800-367-8683 নম্বরে ফোন করুন

Si ou pa ranpli Aplikasyon pou Enskripsyon Votè nan Eta New York, n ap konsidere ou refize enskri pou vote. Si ou refize enskri pou vote, paske ou refize enskri a sa ap rete konfidansyèl epi n ap itilize desizyon an sèlman pou objektif enskripsyon. Si ou anrejistre pou vote, nou pa pral di okenn kote nan ki biwo pou te soumèt yon aplikasyon anrejistreman votè epi n ap itilize enfòmasyon sa a sèlman pou zafè anrejistreman votè. Si ou kwè yon moun te vyole swa dwa ou pou aplike pou enskri oswa pou refize enskri pou vote, dwa ou pou enfòmasyon prive lè w ap decide si pou enskri oswa lè w ap aplike pou enskri pou vote, oswa dwa ou pou chwazi pati politik ou oswa lòt preferans politik, ou ka pote plent ba Komisyon Eleksyon Eta New York, 40 North Pearl Street, Albany, NY 12207-2729 (telefòn: 1-800-469-6872).

N ap voye aplikasyon ou ranpli a bay Komite Eleksyon an epi Komite Eleksyon Konte ou a ap fè ou konnen lè yo trete aplikasyon ou a. Si ou gen nenpòt kesyon sou fason pou ranpli aplikasyon anrejistreman an oswa fason pou anrejistre pou vote, ou ta dwe rele Komite Eleksyon Konte ou a oswa rele 1-800-FOR-VOTE (TDD/TTY mete 711) (sèlman pou kesyon anrejistreman votè). Si w ap viv nan Vil New York, ou ta dwe rele 1-866-VOTE-NYC. Ou ka jwenn repons oswa zouti tou sou Entènèt nan sitwèb Komisyon Eleksyon Eta New York la www.elections.ny.gov

PATI 1 - Ranpli seksyon sa a pou CHANJE ADRÈS OU

Bay enfòmasyon nan Pati 1 ki aplike pou kalite dokiman ou vle chanje a. Koche kaz la pou chak kalite dokiman ou genyen epi ki dwe chanje pou montre nouvo adrès ou.

- Dokiman nòmal
 Dokiman amelyore
 Dokiman Idantite Reyèl
 Enskripsyon

ENPÒTAN: Si ou enskri pou vote, dosye enskripsyon votè ou ap chanje lè ou ranpli epi soumèt fòm sa a. Si ou PA vle nouvo adrès ou parèt nan dosye enskripsyon votè ou, koche kaz sa a . Si ou pa koche kaz sa a, n ap voye nouvo adrès ou ba Komisyon Eleksyon Konte kote w ap viv la.

LISANS/PÈMI/KAT ID KI PA LISANS CHOFÈ:

Mete nimewo idantifikasyon an ki sou lisans chofè/pèmi/kat idantite ki pa lisans chofè Eta New York.				NIMewo TELEFÒN ()					
NON (Ekri non ou ak lèt yo detache - Siyati, Prenon, Inisyal Dezyèm Prenon)						DAT OU FÈT		SÈKS <input type="checkbox"/> M <input type="checkbox"/> F	
NOUVO ADRÈS - KOTE OU RESEVWA KOURYE OU (Obligatwa - Mete Nimewo Kay ak Non, Livrezon nan Zòn Riral, Nimewo Apatman ak/oswa Bwat Postal Epitou mete adrès kay la anba la a.)									
VIL OSWA VILAJ		ETA	KÒD POSTAL		KONTE		<input type="checkbox"/> Fè yon kwa nan kaz sa a si adrès kote ou resevwa dokiman pa mwayen lapòs se menm ak adrès kote ou rete a. (Si ou fè yon kwa nan kaz sa a, pa ranpli espas ki fèt pou "Nouvo Adrès - Kote w ap abite.". Ale nan ranje "adrès NYS ki vini avan an" ("Previous NYS Address").		
NOUVO ADRÈS KOTE W AP VIV LA (Obligatwa - Mete Nimewo Kay ak non, ak Nimewo Apatman.)									
VIL OSWA VILAJ		ETA	KÒD POSTAL		KONTE				
ANSYEN ADRÈS OU NAN ETA NEW YORK (Mete Nimewo Kay, ak Non, Livrezon nan Zòn Riral, Nimewo Apatman, ak/oswa Nimewo Bwat)					VIL OSWA VILAJ			KONTE	

ANREJISTREMAN: Bay enfòmasyon yo pi ba a pou chak anrejistreman nan non ou ke ou ta renmen mete ajou nan nouvo adrès ou a.

Nimewo Plak Imatrikilasyon	Kalite Anrejistreman (<i>Chwazi Yon Sèl Repons</i>)				
	<input type="checkbox"/> Pasaje	<input type="checkbox"/> Komèsyal	<input type="checkbox"/> Motonèj	<input type="checkbox"/> Bato	<input type="checkbox"/> Lòt (<i>presize</i>)
	<input type="checkbox"/> Pasaje	<input type="checkbox"/> Komèsyal	<input type="checkbox"/> Motonèj	<input type="checkbox"/> Bato	<input type="checkbox"/> Lòt (<i>presize</i>)
	<input type="checkbox"/> Pasaje	<input type="checkbox"/> Komèsyal	<input type="checkbox"/> Motonèj	<input type="checkbox"/> Bato	<input type="checkbox"/> Lòt (<i>presize</i>)
	<input type="checkbox"/> Pasaje	<input type="checkbox"/> Komèsyal	<input type="checkbox"/> Motonèj	<input type="checkbox"/> Bato	<input type="checkbox"/> Lòt (<i>presize</i>)

KONFIMASYON: Mwen konfime mwen se moun ki gen non ki endike anwo a, epitou mwen konfime enfòmasyon mwen bay yo se enfòmasyon ki kòrèk dapre tout sa mwen konnen.

Siyen La a: _____ _____
Siyen Non ou Nèt Dat

ATANSYON! Si ou fè espere pou bay fo enfòmasyon nan fòm sa a ou fè yon deli epi sa ap lakòz ou tonbe anba sanksyon jan lalwa otorize sa.

PATI 2 Ranpli seksyon sa a pou ACHTE YON DOKIMAN RANPLASMAN KI MONTRE NOUVO ADRÈS OU

Koche kaz la pou chak kalite dokiman ou genyen epi ou vle chanje pou montre nouvo adrès ou. Answit, peye frè a (yo) ak yon chèk ki gen non moun ki gen kont lan ki enprime oswa yon chèk postal sou non "Commissioner of Motor Vehicles" pou frè total la.

- Lisans Chofè (Frè: \$17.50)
 Pèmi Apranti (Frè: \$17.50)
 Kat ID ki pa Lisans Chofè (Frè: \$8.00)*
- Anrejistreman (Frè: \$3.00 pou chak anrejistreman)
 Anrejistreman Bato (Frè: \$2.00 pou chak anrejistreman)
 (pa chwazi si w ap mande yon dokiman lisans)
- Al gade nan dmv.ny.gov/offices pou plis enfòmasyon sou fason pou trete enskripsyon motonèj (snowmobile) ou a nan Konte kote w rete a.*

* Lòt enfòmasyon pou ranplase yon ID ki pa chofè:

- Si ou gen laj 62 lane **OSWA** ou se yon benefisyè Revni Sekirite Sipleman, frè a se \$6.50.
- Si ou gen laj 62 ane **EPI** ou se yon benefisyè Revni Sekirite Sipleman, pa gen frè pou peye.
- Si ou se yon benefisyè Revni Sekirite Sipleman, ou dwe bay prèv la ansanm ak fòm sa a.
- Apre premye oktòb 2020, pap gen okenn frè pou moun k ap resevwa asistans piblik. Ou dwe bay prèv la ansanm ak fòm sa a.

PATI 3 APLIKASYON POU ENSKRIPSYON VOTÈ NAN ETA NEW YORK

Ranpli aplikasyon sa a si ou vle enskri pou vote oswa pou chanje enfòmasyon sou enskripsyon votè ou bòkote Komisyon Eleksyon yo.

Èske ou se yon sitwayen Etazini? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non Si ou reponn NON , ou pa kapab enskri pou vote	Èske ou pral gen laj 18 tan oswa plis nan jou eleksyon an oswa anvan jou eleksyon an? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non Èske ou gen omwen 16 zan epi ou konprann ou dwe gen 18 tan nan jou eleksyon an oswa anvan sa pou w vote, epi toutotan ou poko gen 18 tan nan moman eleksyon sa a, enskripsyon ou a ap make "annatant" epi ou p ap ka chwazi nan yon biten vòt nan okenn eleksyon? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non Si ou reponn NON pou toudè kesyon ki avan yo, ou pa kapab enskri pou vote.
Èske ou te vote anvan? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non Ki Ane?	Enfòmasyon pou vote ki te chanje: Non ou se te _____ Sote kesyon sa a si enfòmasyon sa yo pa t chanje oswa si ou pa t vote anvan. Adrès ou se te _____ Eta oswa Konte Eta New York ou te: _____
Plis enfòmasyon (pa obligatwa)	Imèl _____ Nimewo Telefòn _____

Pati Politik
 Ou dwe fè 1 chwa. Enskripsyon nan pati politik pa obligatwa, men, pou ou kapab vote nan yon eleksyon primè pati politik, yon votè dwe enskri nan pati politik la sof si règ Eta a pou pati politik la pèmèt yon lòt bagay.

Mwen vle antre nan yon pati politik:

- Pati demokrat
 Pati repibliken
 Pati konsèvatè
 Pati Fanmi Travayè
 Pati ekolojik
 Pati Libète
 Pati Endepandan
 Pati SAM
 Lòt: _____

Mwen pa vle enskri nan okenn pati politik e mwen ta renmen rete yon elektè endepandan

- Okenn pati

DEKLARASYON SOU SÈMAN: Mwen sèman oswa mwen konfime

- Mwen konfime mwen se yon sitwayen peji Etazini.
- M ap te ap viv nan konte a, vil la oswa vilaj la pandan omwen 30 jou anvan eleksyon an.
- Mwen satisfè tout kondisyon pou enskri pou vote nan Eta New York.
- Se sigati m ou mak mwen ki depoze nan liy anba a.
- Enfòmasyon ki endike anwo se enfòmasyon ki vrè. Mwen rekonèt si se pa vrè, lajistis kapab kondane mwen epi fè mwen peye yon amann k ap apeprè \$5,000 epi/oswa mwen ka ale nan prizon pou apeprè katran.

Siyen _____ Dat _____

Reyajiste / Kiè